



Pou Piblikasyon Imedya: 04/05/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 875 MILYON DOLA FINANSMAN POU 3,100 KAY
ABÒDAB ATRAVÈ ETA NEW YORK**

*Prim yo pral ogmante apwovizyonman lojman, bay sèvis sipò ki pèmèt granmoun
aje yo, veteran yo, popilasyon vilnerab yo viv poukont yo*

Bilding ki trè efikas an enèji pou avanse objektif rediksyon kabòn Eta a

Devlopman yo pral ofri entènèt wo debi gratis pou ede fèmèn divizyon dijital la

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a yo te akòde 875 milyon dola nan finansman atravè obligasyon, kredi taks, ak sibvansyon pou kreye oswa prezève 3,100 kay abòdab, dirab epi ki bay sipò nan 27 devlopman atravè Eta New York. Lè yo asosye ak finansman ak resous prive adisyonèl, 27 pwojè k ap resevwa finansman yo prevwa kreye plis pase 1.5 milya dola nan investisman an jeneral. Prim yo pral ogmante apwovizyonman lojman nan chak rejyon, ede efò devlopman ekonomik lokal yo, konbat sanzabri ak sèvis sou plas ki kenbe popilasyon vilnerab yo nan lojman ki an sekirite, ki enkli karakteristik dirab ki fè avanse objektif klimatik Eta a, epi ofri wo debi gratis pou ede fèmèn divizyon dijital la.

"Administrasyon mwen an pran angajman pou asire ke chak Nouyòkè gen aksè ak yon lojman ki abòdab, ki dirab, epi ki ofri sèvis enpòtan ki amelyore lavi", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Finansman sa a pral finalman kreye plis plas pou granmoun aje ak rezidan vilnerab yo viv poukont yo, apatman ke jèn yo kapab peye, ak kominote revitalize kote biznis yo ka reyisi ak grandi mendèv pa yo. Devlopman inovan sa yo se santral nan kad efò estratejik nou yo pou ogmante rezèv lojman epi kreye yon New York ki pi abòdab, ki pi fasil pou viv pou tout moun."

Prim yo anonse jodi a fè pati Plan Lojman Global 25 milya dola Gouvènè Hochul la ki pral kreye oswa prezève 100,000 kay abòdab atravè Eta New York, ki gen ladan 10,000 kay ki gen sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo, plis elèktrifikasyon yon lòt 50,000 kay.

Yo bay finansman atravè Pwogram Kredi Enpo pou Lojman pou Moun ki gen Ti Revni (Low Income Housing Tax Credits) ak finansman Obligasyon ki gen Egzonerasyon Taks Biwo Renovasyon Kay ak Kominote (Homes and Community Renewal, HCR) Eta New York la. Yo te bay sèt pwojè 684 milyon dola sibvansyon ak obligasyon lojman ki gen

egzonerasyon taks nan emisyon obigasyon Ajans lan nan mwa mas 2023. Yo te bay ven devlopman plis pase 191 milyon dola atravè RFP pou Finansman pou Plizyè Fanmi HCR la, yon pwosesis konpetitif pou akòde Kredi Enpo sou Lojman Revni Ba federal yo ak sibvansyon pou devlopman lojman ki abòdab epi ki gen sipò, pou plizyè fanmi.

Tout pwojè yo satisfè nouvo estanda dirabilite HCR te etabli an 2022 ki ankouraje anviwonman vivab ki pi an sante ak bilding ki trè efikas epi ki sipòte objektif ki etabli nan Lwa sou Lidèchip Klima ak Pwoteksyon Kominotè (Climate Leadership and Community Protection Act, CLCPA) Eta New York la.

Plis pase mwatye nan pwojè yo akòde yo pral sèvi ak yon total 9 milyon dola ki soti nan Inisyativ Enèji Pwòp (Clean Energy Initiative) Otorite Rechèch ak Devlopman Enèji Eta New York (New York State Energy Research and Development Authority, NYSERDA) la pou reyalize nivo pi wo toujou nan dirabilite ak rediksyon kabòn.

Anplis de sa, devlopman yo ofri sèvis wo debi gratis pou rezidan yo, sou baz inisyativ ConnectALL Gouvènè a, ki te fè envèstisman istorik pou bay entènèt gwo vitès nan kominote ki pa gen ase sèvis yo epi fèmen divizyon dijital la pou Nouyòkè ki gen mwens revni yo.

Komisè Biwo Renouvèlman Kay ak Kominote Eta New York la, RuthAnne Visnauskas, te deklare "875 milyon dola nan finansman nou te anonse jodi a pral bay plis pase 3,100 bon jan kalite apatman, abòdab, ki dirab pou anviwonman an nan chak rejyon New York, pandan y ap ogmante aksè ak wo debi ak sèvis sipò esansyèl yo. Fidèl ak espri plan lojman 25 milya dola nou an, 27 pwojè sa yo pral ogmante rezèv lojman New York la epi kreye kominote dinamik, divèsifye, epi ki ekonomikman estab kote moun ki gen tout nivo revni kapab gen mwayen pou viv. Felisitasyon epi mèsè a patnè devlopman talantye nou yo pou travay di yo sou devlopman sa yo ki kapab chanje anpil lavi."

Ou ka jwenn deskripsyon konplè prim yo [isit la](#).

Capital Region

- **Mosaic Apartments nan vil Schenectady**, 27 milyon dola nouvo konstriksyon de bilding pa DePaul Properties, Inc.
- **35 Broadway Veterans Housing nan Vilaj Menands** se yon nouvo pwojè konstriksyon 25 milyon dola ki gen 67 inite pa Beacon Community Services, LLC.

Central New York

- **Creekside Landing nan vil Syracuse** se yon pwojè redevlopman ak nouvo konstriksyon ki koute 31 milyon dola ki gen 52 inite nan plizyè sit pa Housing Visions Consultants, Inc.

Finger Lakes

- **Pines of Perinton nan Vilaj Fairport** se yon pwojè 137 milyon dola pou achte ak reyabilite yon pwopriete lojman milti-famlyal ki gen 508 apatman HUD Seksyon 236 ak senk bilding istorik ki gen de etaj pa Winn Companies.
- **Alta Vista nan Pak St. Joseph nan Vil Rochester** se yon nouvo pwojè 36 milyon dola, ki gen 76 inite pou moun ki gen ki gen revni miks ak pou itilizasyon miks epi li se yon pwojè priyorite Inisyativ Revitalizasyon Anba Lavi Rochester (Rochester Downtown Revitalization Initiative) pa Ibero-American Development Corporation.
- **St. Leo Senior Apartments nan Vilaj Hilton** se yon nouvo pwojè konstriksyon 15 milyon dola ak 40 inite lojman sipò ak lojman pou granmoun aje pa Providence Housing Development Corporation ak Episcopal Senior Life Communities.

Long Island

- **Carman Place nan Vilaj Hempstead** se yon devlopman 155 milyon dola ki oryante vè transpò piblik epi ki pratik pou pyeton ki gen 228 inite pa Conifer ak Community Development Corporation nan Long Island.
- **Estella Housing nan Vilaj Hempstead** se yon devlopman prèske 72 milyon dola, ki efikas an enèji, ki gen 96 inite abòdab epi ki bay sèvis sipò pa Concern for Independent Living.
- **Alegria North nan Vilaj Wyandanch** se yon nouvo pwojè konstriksyon 48 milyon dola ki gen 81 inite toupre Wout Ray Long Island lan. Devlopè a se D&F Development Group, LLC.
- **Grove nan Vilaj Patchogue** se yon nouvo devlopman lojman sipò 33 milyon dola ki gen 55 inite pa GGV Grove Apartments, LLC. epi New Ground, Inc. se founisè sèvis la.

Rejyon Mid-Hudson

- **James Linburgh Senior Apartments nan Vil Yonkers** se yon nouvo pwojè konstriksyon 47 milyon dola ki gen 94 inite pou granmoun aje ki toupre yon Estasyon Metro North. Devlopè a se Warburton Avenue Apartments, LLC.
- **East End Lofts nan Vil Newburgh** se yon nouvo pwojè konstriksyon ranplisaj pou revni miks ak itilizasyon miks ki koute 23 milyon dola ki gen 66 inite pa Kearney Realty & Development Group Inc.
- **Silver Gardens nan Vilaj Highland** se yon nouvo devlopman lojman sipò ki koute 20 milyon dola ki gen 57 inite pou granmoun aje ki gen revni fè pa RUPCO, Inc.

Mohawk Valley

- **Utica Renaissance nan Vil Utica** se yon devlopman lojman 101 milyon dola ki gen 74 inite pou granmoun aje ak sipò pa Vecino Group ak Otorite Lojman Utica (Utica Housing Authority).

- **Glove City Lofts nan Vil Gloversville** se yon nouvo devlopman 25 milyon dola ki gen 75 inite pou moun ki gen revni misk ak pou itilizasyon miks pa Parkview Development & Construction, LLC.

New York City

- **Clarkson Estates nan Brooklyn** se yon nouvo devlopman ki gen nèf etaj ak 328 inite abòdab ki koute 238 milyon dola pa CAMBA Housing Ventures.
- **Sutphin Senior Housing, nan Queens** se yon devlopman lojman pou granmoun aje ki koute 142 milyon dola ki gen 15 etaj ak 173 apatman pa Breaking Ground.
- **Pitkin Avenue Residence nan East New York, Brooklyn** se yon devlopman nouvo konstriksyon ki koute 22 milyon dola ki gen 39 inite pa Housing Works, Inc.
- **Castle III nan East Harlem, Bronx** se yon pwojè nouvo konstriksyon abòdab ak sipò ki koute 53 milyon dola ki gen 82 inite pa Fortune Society.
- **Comunilife Tiebout nan Fordham Heights, Bronx** se yon devlopman lojman ki koute 54 milyon dola ki gen 83 inite pou granmoun aje ak sipò pa Comunilife, Inc.

North Country

- **Oval Wood Dish Factory nan Vilaj Tupper Lake** se yon konplèks ki koute 39 milyon dolaki gen 80 inite abòdab ak espas komèsyal pa Housing Visions Consultants, Inc.

Southern Tier

- **Dana Lyon Apartments nan Vilaj Bath** se yon devlopman 21 milyon dola, ki gen 49 inite pou itilizasyon miks pa Providence Housing Development Corporation.
- **Stately Apartments nan Vil Ithaca** se yon devlopman ranplisaj ki fèk konstwi ki koute 30 milyon dola ki gen 57 inite pou itilizasyon miks pa Visum Development Group, LLC ak Arbor Housing and Development.

Western New York

- **ETC Towers nan Vil Buffalo** se yon pwojè prezèvasyon 281 inite ki koute 72 milyon dola pa Beacon Communities ak First Shiloh Baptist Church.
- **Manhattan Village nan BestSelf nan Vil Buffalo** se yon nouvo pwojè konstriksyon ki koute 27 milyon dola ki gen 66 inite pa BestSelf Properties, Inc. ak BestSelf Behavioral Health.
- **875 Lafayette nan Vil Buffalo** se yon devlopman ki koute 34 milyon dola ki gen 80 inite pou moun ki gen revni miks pa Belmont Housing Resources pou Western New York, Inc.

- **Riley Brook Apartments nan Vil Hamburg** se yon devlopman lojman pou mendèv ak 70 inite ki koute 24 milyon dola ak bilding kominotè pa Grove Development ak Southern Tier Environments for Living.

Reprezantan Brian Higgins te deklare, "Aksè ak yon vi ki abòdab depi lontan se youn nan gwo atribi Rejyon Lwès New York la. Nou dwe kontinye gade fason pou amelyore lavi rezidansyèl ki egziste deja epi ouvri nouvo opòtinite lojman abòdab pou tout moun. Pwojè sa yo, te rive posib an gran pati gras ak Kredi Enpo federal sou Lojman pou Moun ki gen Revni Fèb la, ki kontinye devlope objektif sa a."

Reprezantan Adriano Espaillet te deklare, "Lojman abòdab enpòtan anpil pou sante ak dirabilite kominote nou yo. Mwen felisite Gouvènè Hochul dèske li te asiyen nivo finansman siyifikatif sa a pou asire lojman abòdab atravè eta New York. Anons jodi a ranfòse angajman nou pou ranfòse devlopman ekonomik, sipòte kominote dirab yo, epi ede fanmi vilnerab yo pou ede yo pwospere."

Reprezantan Joe Morelle te deklare, "Bon jan Kalite, lojman abòdab se fondman chak kominote, epi chak moun merite yon kote ki an sekirite epi ki estab pou yo rele lakay yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul pou angajman li pou sipòte opsyon lojman elaji pou Nouyòkè yo. Mwen pa ka tann patenarya k ap kontinye nou k ap travay pou kreye opòtinite pou fanmi ki gen revni fèb yo."

Reprezantan Pat Ryan te deklare, "M ap goumen chak jou pou rann lojman pi abòdab nan Hudson Valley epi investisman sa a ki gen plis pase 40M dola se yon faktè ki chanje jwèt la pou fanmi k ap travay di yo nan Newburgh ak Highland. Finansman sa vle di plizyè santèn lòt granmoun aje ak veteran yo pral kapab viv poukont yo, epi ak finansman adisyonèl pou wo debi gratis, yo pral manm aktif nan kominote a tou. Mwen pa ka tann pou mwen kontinye travay avèk Gouvènè Hochul, RUPCO ak The Kearney Realty & Development Group Inc. pou diminye pri lojman atravè rejyon an."

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)